# BAB III
# MÉTODE PANALUNGTIKAN

## 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa proses panalungtikan anu mangrupa studi pustaka, ngumpulkeun data, jeung nyieun laporan panalungtikan. Desain panalungtikan pikeun analisis *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja* ditilik tina struktur bisa digambarkeun dina ieu bagan di handap.




Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

### 3.2 Métode Panalungtikan

Métode mangrupa hiji stratégi atawa tarékah anu sipatna *sistematis* pikeun nyangkem kaayaan anu kapanggih dina panalungtikan. Ari udagan métode panalungtikan nya éta pikeun méré gambaran ngeunaan prak-prakan dina panalungtikan nu baris dilaksanakeun (Soewarto, 2001, kc. 14).

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Métode deskriftif dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, tuluy dianalisis (Ratna, 2013, kc. 53). Ngaliwatan ieu métode, panalungtik ngadéskripsikeun data-data anu kapanggih dumasar hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekan tina ieu panalungtik.

Métode déskriptif digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun struktur naratif dina *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja*, struktur naskah carita Teater Gaok, jeung transformasi *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja* kana naskah carita Teater Gaok.

### 3.3 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data mangrupa subjékna panalungtikan. Ku ayana sumber data, masalah anu baris ditalungtik bisa dipikanyaho.

Data dina ieu panalungtikan nya éta *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja* karya E. Wangsadiharja anu diterbitkeun ku Catur Mitra Pendidikan Kabupaten Majalengka, Taun 1999 jeung naskah carita Teater Gaok anu diproduksi ku Jalan Teater jeung Titimangsa Taun 2015.

### 3.4 Instrumen Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203), instrumén panalungtikan nya éta alat atawa sarana anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanna leuwih gampang sarta hasilna leuwih alus, dina harti leuwih gemet, lengkep, sarta sistematis tepi ka babari diolahna.

Instrumén panalungtikan nya éta kartu data. Kartu data dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun sarta nganalisis data ngeunaan struktur

*Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja*, struktur naskah carita Teater Gaok, jeung transformasi struktur *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja* kana naskah carita Teater Gaok.

**Kartu Data (Struktur Naskah Carita Teater Gaok)**

| | | |
|---|---|---|
| **Kode Struktur** | **:** | |
| **Transkripsi Rékaman** | **:** | |

Kode Struktur :

1. Téma
2. Penokohan
   a. Palaku utama
   b. Palaku *pembantu*
   c. Palaku panambah
3. Plot/alur

Conto : 2a = Penokohan palaku utama

**Tabél 3.1 Palaku Carita dina *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja***

| **No** | **Ngaran Palaku** | **Watek** | **Palaku** | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | **Palaku Utama** | **Palaku Kadua** | **Palaku Tambahan** |
| **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** |
| | | | | | |
| | | | | | |

**Tabél 3.2 Latar Tempat di Jero Wewengkon Karaton dina *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja***

| **No** | **Latar** | **Kode Data** | **Cutatan Pada/Padalisan** | **Kapanggih ogé dina Pada ka-** |
|---|---|---|---|---|
| **(1)** | **(2)** | **(3)** | **(4)** | **(5)** |
| | | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |

**Tabél 3.3 Latar Tempat di Luar Wewengkon Karaton dina *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja***

| No | Latar | Kode Data | Cutatan Pada/Padalisan | Kapanggih ogé dina Pada ka- |
|---|---|---|---|---|
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) |
| | | | | |
| | | | | |

**Tabél 3.4 Latar Waktu dina *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja***

| No | Latar | Kode Data | Cutatan Pada/Padalisan | Kapanggih ogé dina Pada ka- |
|---|---|---|---|---|
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) |
| | | | | |
| | | | | |

**Tabél 3.5 Latar Waktu Séjénna dina *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja***

| No | Latar | Kode Data | Cutatan Pada/Padalisan | Kapanggih ogé dina Pada ka- |
|---|---|---|---|---|
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) |
| | | | | |
| | | | | |

**Tabél 3.6 Karakter/penokohan dina Naskah Teater Gaok**

| No | Ngaran palaku | Watek | Palaku | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | Palaku Utama | Palaku Kadua | Palaku Tambahan |

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |
| | | | | | |

**Tabél 3.7 Latar Tempat di Jero Wewengkon Karaton**

| No | Latar | Kode Data | Cutatan Pada/Padalisan | Kapanggih ogé dina Pada ka- |
|---|---|---|---|---|
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) |
| | | | | |
| | | | | |

**Tabél 3.8 Latar Tempat di Luar Wewengkon Karaton**

| No | Latar | Kode Data | Cutatan Pada/Padalisan | Kapanggih ogé dina Pada ka- |
|---|---|---|---|---|
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) |
| | | | | |
| | | | | |

**Tabél 3.9 Latar Waktu dina Naskah Carita Teater Gaok**

| No | Latar | Kode Data | Cutatan Pada/Padalisan | Kapanggih ogé dina Pada ka- |
|---|---|---|---|---|
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) |
| | | | | |
| | | | | |

**Tabél 3.10 Latar Waktu Séjénna dina Naskah Carita Teater Gaok**

| No | Latar | Kode Data | Cutatan Pada/Padalisan | Kapanggih ogé dina Pada ka- |
|---|---|---|---|---|
| (1) | (2) | (3) | (4) | (5) |
| | | | | |
| | | | | |

**Tabél 3.11 Transformasi Struktur *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja* kana Naskah Carita Téater Gaok**

| No | Analisis Struktural | Wawacan | Naskah Teater | Katerangan |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | | | | |
| | | | | |

## 3.5 Téhnik Panalungtikan

Téhnik dina ieu panalungtikan dibagi kana dua cara nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu pnalungtikan nya éta ngaliwatan studi pustaka. Anapon téhnik analisis data dina ieu panalungtikan nya éta ngaliwatan téhnik analisis struktur naratif wawacan, struktur naratif naskah carita teater gaok, jeung transformasi.

Aya sawatara léngkah dina nganalisis data ieu panalungtikan. Sabada ngumpulkeun data, tuluy data ditabélkeun sagemblengna. Léngkah-léngkah satuluyna saperti ieu di handap:

1) Maca *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja* jeung naskah carita Teater Gaok.
2) Nganalisis struktur naratif *Wawacan Simbar Kancana Ngadeg Raja* jeung ngaanalisis struktur naskah carita Teater Gaok.
3) Ngadéskripsikeun hasil analisis sagemblengna dina wangun laporan (tésis).